



PWOJÈ TRADIKSON SIT KHAN ACADEMY

1. Objektif

Tradiksyon videyo ki nan sit *Khan Academy* an nan lang kreyòl.

2. Rezondèt pwojè a

Sistèm edikasyon Ayiti a genyen anpil pwoblèm. Menm lè nou kab rive devine kòz pwoblèm sa yo, solisyon yo pa toujou senp pou yon moun wè ni pou nou rezoud. Yonn nan pi gwo difikilte sistèm edikasyon an, se inegalite sosyo-lengwistik ki genyen nan avansman jèn ayisyen yo nan sistèm lan. Nan yon fason global, li enpòtan pou nou ensiste sou fòs faktè sosyo-lengwistik la kapab genyen sou inegalite sosyal yo nan devlopman peyi a ansanm ak nan devlopman sosyete Ayiti a tout antye. Ayiti genyen de lang ofisyèl, fransè ak kreyòl. Men, se lang kreyòl la ki ini tout Ayisyen ansanm, paske se limenm tout Ayisyen konprann epi pale. Pi fò jèn ayisyen yo, lè yo rantre nan sistèm edikasyon an, se kreyòl sèlman yo pale; se byen ta yo vin aprann fransè a nan lekòl. Malgre tout sa ki ekri nan Konstitisyon peyi an sou lanng ki dwe sèvi pou fè lekòl, anpil timoun poko ka jwenn lekòl nan lang matènèl yo. Sa vin tounen yon etanp sosyal, yon fason pou elimine pi fò elèv yo alabaz. Sa pral mete avni yo an danje nan yon fason prèske ireparab. Lè sa a, se tout peyi a ki ap peye konsekans lan. Genyen rechèch ki fèt, ki ale pi lwen pase aspè idantite, kote chèchè yo demontre yon moun aprann pi byen nan lang matènèl li. Epitou, depi moun lan fin byen metrize nosyon fondamantal yo nan pwòp lanng li, sa ap pi fasil pou li ogmante konesans li nan lòt domèn. Konsa, li parèt lojik pou nou fè tout sa ki nesèsè pou fasilite aprantisay jèn ayisyen yo nan lang matènèl yo, lang kreyòl la. Se nan fason sa a nou ap rive entegre jèn ayisyen yo nan sistèm edikasyon an epitou amilyore chans yo pou yon pi bèl avni akademik, sosyal epi pwofesyonèl. Aksyon lengwistik pozitif sa yo ta dwe kontinye nan tout nivo sistèm edikasyon an. Se sa ki ap pèmèt elèv yo kontinye aprantisay yo avèk konfyans nan tèt yo apati yon lang yo konnen byen pandan yo ap aprann lòt lang.

Pandan kòmansman 21^{yèm} syèk la, ki ap vin syèk lakonesans, li esansyèl epitou genyen ijans pou nou chanje sityasyon lengwistik timoun Ayiti yo, yon fason pou yo jwenn yon fòmasyon akademik modèn epi konplè nan yon sistèm kote yo kab rekonèt pwòp tèt yo, pandan yo ap grandi entèlektyèlman epi sosyalman.

3. Vizyon ak objektif

Pou nou fasilite adaptasyon eskolè a ansanm ak kòmansman yon avansman akademik ki ap long pou jèn ayisyen yo, premye kontak yo ak sistèm edikasyon an dwe fèt nan lang matènèl yo. Kalite aksyon sa a pral genyen yon kokenn efè sou sikoloji yo, fason yo aprann, ansanm ak sou fason yo genyen pou yo pran plas yo nan sosyete a. Kòm rezilta, jèn ayisyen yo ap adapte yo pi fasilman nan anviwonman eskolè a, epitou yo ap kab ogmante konesans yo nan lòt domèn pi fasilman. Tout sa ap pèmèt yon pi bon reyisit eskolè pou jèn ayisyen yo epi sa ka redui kantite timoun ki ap kite lekòl anvan



lè yo. Deja genyen anpil regleman linguistik nan sistèm edikasyon Ayiti a ki la pou fasilite reyisit jèn yo. Sepandan, manke mwayen pou regleman sa yo tabli nètale. Entansyon nou ak pwojè tradiksyon sa a se pou ede tout aksyon ki te deja fèt, nan ankouraje elèv yo vin endepandan, apati abilite yo ap genyen pou yo sèvi ak pwòp lang matènèl yo, ki se lang kreyòl. Nan yon tan tou kout / yon tan ki pa twò lwen, objektif pwojè sa a se tradui tout videyo edikatif nan domèn matematik ak syans ki parèt nan sit *Khan academy an* (www.Khanacademy.org). Nan yon tan ki pi lwen, tradiksyon sa yo ka rantr nan pwogram nasyonal *e-learning* ki kab anndan pwojè RENACER GRAHN nan kòm èd pou anseyan yo.


Mwayen yo

Nou deja kreye yon gwoup tradiktè kreyòl ayisyen nan sit *Khan Academy an*. Se *James Féthière* ki responsab li. Daprè akò ki siyen ant *James Féthière* ak *Khan Academy* tout travay tradiksyon ki fèt nan pwojè sa a se pou *Khan Academy* yo ye. (Ale wè kopi akò a nan anèks la). Pou travay tradiksyon yo kab byen parèt, *James Féthière* te kontakte sou-komite linguistik GRAHN lan ansanm ak kèk lengwis ki pale kreyòl pou yo pote konkou yo nan pwojè a. Se sa ki fè yo te kontakte *Michel-Ange Hyppolite*. Responsablite *Michel-Ange Hyppolite* se jwenn èd manm sou-komite linguistik GRAHN lan yon fason pou yo mete yo disponib pou valide travay tradiksyon yo. Anplis, moun ki kab vin tradiktè yo ap genyen posiblite pou yo suiv yon fòmasyon nan fason pou yo ekri kreyòl ayisyen an daprè prensip òtograf ki an vigè nan sou-komite linguistik GRAHN lan. Pwopozisyon yo se pou tradiksyon an parèt ak sou-tit kreyòl epi moun ki pral rantr nan sit la ap tandè pawòl yo an kreyòl tou. Sa pral mande yon premye seri transkripsyon an kreyòl ak sipèvizyon manm sou-komite linguistik GRAHN lan epi yon «*dubbing*» videyo yo ki ap nan sit *Khan Academy an* (kote pral genyen yon sèl vwa pou chak sijè). Kòm ap genyen anpil videyo pou tradui, se tout manm GRAHN yo, ansanm ak tout lòt moun ki genyen bòn volonte, selon konpetans ak fòmasyon yo, ki pou rantr nan travay la. Anplis, benevòl sa yo dwe konprann angle ak kreyòl ayisyen trè byen epitou yo dwe genyen yon apwòch komik nan fason yo pral adapte / tradui tèks yo. Kòm ekzanp, deja genyen manm *Ralliement des Étudiants Haïtiens de l'École Polytechnique (REHEP)* ki aksepte rantr nan konbit la pou tradui/adapte videyo matematik ak syans ekzat yo. Sa ki enpòtan kounye a, se jwenn plis tradiktè posib nan tout lòt domèn yo. Depi nou fin lanse pwojè a nan Kanada, nou ap voye nan *GRAHN-MONDE* pou nou kab jwenn plis moun pou ede nou. Kanta pou kantite tan pou nou mete nan travay la sa kab varye soti 4-è tan pou rive 6-è tan pou tradui yon videyo ki kab dire 10 minit. Sa ap depann tou sou kapasite moun, ki ap fè travay tradiksyon / adaptasyon an, nan de lang yo. Tout moun ki pran responsablite tradui / adapte yo dwe fè li seryezman, epitou yo dwe **garanti pou yo tradui, pou pi piti, yon videyo chak mwa**. Depi sou-komite linguistik GRAHN lan fin valide tradiksyon / adaptasyon an, nou ap mete sou-tit yo nan sit la epi transkripsyon vokal yo pral kòmmanse. Pou evite genyen de (2) moun ki fè menm travay la, chak tradiktè dwe fè responsab pwojè a konnen ki videyo li chwazi pou li tradui / adapte.




4. Etap yo


1. Konekte ak sit *Khan Academy* an (*khan Academy*)
2. Chwazi videyo ou vle a. Nou ap kòmanse avèk aritmetik, aljèb, jewometri, byoloji, chimi ak fizik. **Pa blie enfòmè responsab gwoup lan ki chwa nou fè**
3. Depi ou fin chwazi matyè ki enterese ou la telechaje (daouñlod) soutit yo an anglè (oubyen an fransè, si yo ekziste an fransè).
 - i. Klike sou « option », epi chwazi « translated subtitles »



- ii. Ap genyen yon lòt bwat ki parèt sou bò goch ekran an



- iii. Klike sou flèch la pou fenèt ki gen soutit yo kab parèt, apres a chwazi «download sub-title» pou ou kab sere soutit yo sou diskdi ou la.





- iv. Fichye a sou fòm .srt. Ou dwe mete .txt nan non ou ap bay fichye a anvan ou mete li nan yon lojisyèl tankou *notepad*. Ekzanp : *Basic_Addition.en.srt* ap parèt sou fòm *Basic_Addition.en.srt.txt*
- v. Nan lojisyèl tèks la ou ap genyen yon fichye ki parèt tankou sa ou pral li la a :
- 1
00:00:01,004 --> 00:00:04,094
Welcome to the presentation on level two addition.
- 2
00:00:04,094 --> 00:00:07,054
Well I think we should get started with some problems, and
- vi. Nou ap genyen pou nou pou nou ekri vèsyon kreyòl la anba fraz anglè yo. Men yon ekzanp :
- 1
00:00:01,004 --> 00:00:04,094
Welcome to the presentation on level two addition.
[Nou kontan wè ou nan prezantasyon adisyon ak retni yo](#)
- 2
00:00:04,094 --> 00:00:07,054
Well I think we should get started with some problems, and
[Bon mwen kwè nou ta dwe Kòmanse avèk kèk pwoblèm, epi](#)

Depi ou fin tradui tout fichye a, ou voye li nan adrès kouryèl sa a : traductionkhan@grahn-monde.org men ou ap kite li sou fòm li te genyen anvan an, sa vle di ekstansyon .txt